

SADHAR
Sabda Winedhar

November

2020

Mitra Saben Ari Marsudi Atti

Pokok Pandonga

Gusti Allah tuing berkah saben ari
Puji lan panuwun namung konjuk dhumateng Paduka
Sesarengan kaliyan para kagungan Paduka lan Mitra Saben Ari Marsudi Ati
Kawula ngaturaken sadaya pandonga lan pakaryan, ugi sadaya
kawontenan bingah utawi sisah ing sakuruting dinten-dinten peparing
Paduka
konjuk ing ngarsa Paduka

Sesarengan pasamuwan Greja-greja Kristen Jawa, kawula ngunjukaken
tekading sedya, mujudaken para kagungan Paduka ingkang gesang,
makarya lan lelados sesarengan minangka titah Paduka

Kawula nyuwun supados Roh Suci lumantar sabda Paduka tansah ngatag
kawula dados abdi sembeda ingkang setya ngantos dumugeng wekasan
nalika kawula ngantu-antu rawuh Paduka
Gusti mugi karsa nyagedaken kawula

Jarkoni

*“Padha mbongkoki gegawan kang abot-abot banjur ditumpangake ing pundhaking wong, nanging dheweke dhewe ndumuk bae ora gelem.”
(Mateus 23:4)*

Gusti Yesus saweg mbandingaken tiyang Farisi lan para pemimpin agami kaliyan kansunyatan bobrokipun tiyang-tiyang punika. Sejatosisipun Gusti sanget anggenipun ngaosi kalenggahanipun tiyang-tiyang punika. Malah Gusti Yesus ngersakaken para siswanipun sami nindakaken piwucalipun. Ananging sanes tata gesangipun.

Inggang kakersakaken dening Gusti inggih punika pemimpin ingkang boten namung memucal dhateng tiyang sanes kemawon ananging ugi nindakaken piwucalipun wau. Pemimpin ingkang sejati badhe tansah sumadya nindakaken pranatan, boten namung memulang lan ndawuhi umat netepi pranatan. Boten namung “Jarkoni”, bisa ujar nanging ora gelem nglakoni.

Tiyang-tiyang Farisi punika boten namung nglirwakaken punapa ingkang dipun wucalaken. Piyambakipun nindakaken sadaya pranataning agami boten kagem Gusti Allah, ananging supados pikantuk pangalembana saking manungsa. Tata gesang karohanen kados makaten saged ngrisak kasucening agami. Punapa ingkang dipun tindakaken, namung kangge ngegungaken dhiri pribadi.

Pemimpin boten pareng meksa tiyang sanes nyebut piyambakipun Guru. Umat ugi boten prayogi manawi atur pakurmatan ingkang langkung saking limrahipun. Pemimpin sejati kedah purun sinau dados siswa ingkang purun nindakaken piwulanganipun guru kanthi andhap asor lan namung manambah dhumateng Allah minangka Guru ingkang utami. Ngegungaken dhiri pribadi saged dados sandhungan ing tata gesang karohanen.

Sae Pemimpin punapa dene umat kedah enget bilih pakurmatan punika namung kagunganipun Gusti Allah. Dene pangaribawaning pemimpin punika sih nugraha saking Gusti ingkang kedah nyrambahi tata gesang kados dene abdi sanes bendara. |*AW

Ngantu-antu Gusti

“Dhuh, Yehuwah ing wanci enjing Paduka miyarsakaken swara kawula, ing wanci enjing kawula nyawisaken kurban wonten ing ngarsa Paduka, sarta kawula ngantos-antos.”

(Jabur 5:4)

Kados-kados boten kathah tiyang ingkang remen manawi kedah nengga, punapa malih nengga wangsulanipun pandonga saking Gusti. Wonten ingkang bingung awit dereng pikantuk wangsulan. Wonten ugi ingkang rumaos dosa awit anggadhahi panginten Gusti boten mirengaken. Estunipun punapa ingkang saged kita tindakaken ing wekdal kita ngantos-antos wangsulaning pandonga lan pengajeng-ajeng kita?

Juru Mazmur kadosipun ugi saweg nengga wangsulanipun Gusti. Punapa ingkang ingkang dipun tindakaken ing wekdal ngantos-antos? Juru Mazmur tansah ngenget-enget prasetyanipun Gusti. *“Amargi Paduka ingkang mberkahi tiyang mursid, dhuh Yehuwah, saha Paduka amping-ampingi kalayan kanugrahan Paduka, kadosdene tetameng.”* Bab sanes ingkang katindakaken dening Juru Mazmur inggih punika ngemut-emut pengalamaning kapitadosanipun dhumateng Gusti. *“Dhuh, Yehuwah ing wanci enjing Paduka miyarsakaken swara kawula...”*. Kejawi punika Juru Mazmur tansah ngunjukaken panuwun sokur dhumateng Gusti kanthi tetep *“nyawisaken kurban”*.

Mila ing wanci kita ndedonga, tansah engeta dhateng prasetyanipun Gusti kados ingkang katindakaken dening Juru Mazmur. Nalika kita rumaos boten wonten margi luwar saking prekawising gesang ingkang kita adhepi, engeta kados pundi anggenipun Gusti sampun paring pitulungan ing dinten-dinten kapengker. Nalika kita saged ngenget-enget prasetyanipun Gusti sarta ngetang kasaenanipun Gusti punika, sumangga kita ngunjukaken panuwun sukur dhumateng Gusti. Kanthi nindakaken prekawis-prekawis punika, estunipun kita sampun migunakaken wekdal kanthi wicaksana nalika ngantu-antu pitulungan saking Gusti Allah. |*AW

Kang Utami

“Amargi Paduka ingkang mberkahi tiyang mursid, dhuh Yehuwah, saha Paduka amping-amping kalayan kanugrahan Paduka, kadosdene tetameng.”
(Jabur 5:13)

Mengsah ingkang nglawan sacara langsung lan blak-blakan, langkung gampil dipun adhepi katimbang mengsah ingkang nglawan saking wingking, ngrasani, fitnah lan sapanunggalipun. Kados dene juru mazmur nalika semanten saweg ngadhepi tiyang ingkang nindakaken piawon, dora-cara lan lampah cidra. Kados pundi anggenipun juru mazmur ngadhepi bab ingkang kados makaten? Piyambakipun namung saged nyumendhekaken manah lan gesangipun dhumateng Gusti, nyuwun supados Gusti midhangetaken pasambatipun lan mbabaraken kaadilanipun. Piyambakipun pitados bilih tiyang ingkang leres badhe dipun belani lan Gusti ingkang dados tetamenging gesangipun.

Juru Mazmur ngemutaken dhateng tiyang pitados supados tansah caket kaliyan Gusti lan tansah mbangun sesambetan ingkang raket kaliyan Gusti. Mbangun sesambetan ingkang raket malah kedah kadosaken bab ingkang utami menggahing tiyang pitados saben enjing. Lan bab ingkang utami punika kedah maujud ing saben tetembungan, putusan dan tumindak kita saben dinten, nalika kita sesambetan kaliyan tiyang sanes.

Punapa kita minangka tiyang pitados tansah mapanaken Gusti minangka ingkang utami ing gesang kita? Punapa kita tansah sinau mirengaken pangandikanipun Gusti lan kita dadosaken dhasar anggen kita nindakaken sakathahing pandamelan lan tumindak kita? Kenging punapa kedah makaten? Awit kita punika tiyang ingkang ringkih, kita kedah tansah nyuwun pitulunganipun Gusti supados tansah dipun tuntun, dipun sarengi lan dipun berkahi dening Gusti, sarta tansah kasagedaken milih margi/putusan ingkang leres ing ngarsanipun Gusti. |*AW

Aja Nolak

“Rahayu tiyang ingkang sami badhe kasegah nedha wonten ing Kratoning Allah”

(Lukas 14:15)

Menawi kita ngawontenaken pahargyan ananging kesupen ngulemi kanca kita, mbok bilih kanca kita badhe ngudarasa: *“kenapa aku kok ora diundang?”* Mekaten ugi kosok wangsulipun, menawi kanca kita ngawontenan pahargyan ananging boten ngulemi kita. Punika nedahaken bilih uleman punika minangka wujuding pakurmatan ingkang katedahaken dening tiyang ingkang ngulemi kita.

Nalika Gusti Yesus wonten ing griyanipun tiyang Farisi, salah setunggaling tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti Yesus matur dhateng Panjenenganipun: *“Rahayu tiyang ingkang sami badhe kasegah nedha wonten ing Kratoning Allah”* Piyambakipun matur makaten kados-kados sampun mangertos bilih punika minangka sih-rahmat. Ananging midherek Gusti Yesus, boten saben tiyang ngaosi sih rahmat punika. Gusti Yesus memucal lumantar pasemon ingkang paring gambaran kadospundi tiyang ingkang dipun ulemi rawuh ing pahargyan punika boten purun rawuh kanthi maneka warni alesan.

Inkang nolak uleman kagambaraken minangka tiyang ingkang boten ngaosi sih rahmat; inggih punika kanthi tumbas pategilan, tumbas lembu lan nggadahi kabetahan sanes. Sinaosa mekaten, pahargyan kedah dipun gelar. Boten saged dipun undur. Selajengipun ulem dipun paringaken dhateng tiyang sanes, sinaosa boten kaanggep pantes nampeni uleman. Ananging tiyang-tiyang punika purun nyanggemi kanthi bingah, kados dene nampeni sih rahmat. Ulem ingkang katampik saperangan tiyang, damel sih rahmat punika katampi dhateng langkung kathah tiyang.

Kita ugi dipun ulemi supados purun nampeni sih rahmat kawilujenganipun Gusti. Punika sih-rahmat ingkang ageng awit boten sakmesthinipun kita tampi. Ananging nolak uleman saking Gusti punika bebendu lan kaanggep ngremehaken Gusti Yesus ingkang sampun ngurbanaken sariranipun kangge nebus kita. |*AW

Nyuwun Tulung

*“...Paduka punika ingkang mitulungi saha ngluwari kawula; dhuh Yehuwah, mugu sampun ngantos ngrandhataken rawuh Paduka!”
(Jabur 70:6)*

*Gusti mugu mirsani nggen kula kesrakatan.
Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangeran.
Nyuwun tulung, dhuh Allah, mugu nglanting kawula
Sing sagung karibedan, dimen pulih lejara.*

Kidung “Gusti Mugi Mirsani” (KPJ. 51) punika ngemutaken kita dhateng pengalamaniipun Juru Mazmur. Piyambakipun ngraosaken bosen nengga pitulunganipun Gusti. Piyambakipun sampun wongsal-wangsul sesambat dhateng Gusti. Anggenipun boten sabaripun ketingal ing pandonganipun, “*Dhuh Yehuwah, mugu sampun ngantos ngrandhataken rawuh Paduka!*”. Pasambat punika sanes awit piyambakipun boten pitados dhateng pitulunganipun Gusti, ananging malah ngetingalaken anggenipun gumantung dhateng Gusti ing satengahing mengsah ingkang ngangkah nyabut nyawanipun.

Nalika ngraosaken kesrakat, piyambakipun nyawisaken wekdal kangge mendel sawetawis ing ngarsanipun Gusti, ndedonga nyuwun pitulunganipun Gusti. Piyambakipun ngrumaosi kasekenganipun, ananging anggadahi pengajeng-ajeng ingkang kiyat dhateng Gusti. Netepaken pilihan kangge masrahaken dhiri ing kawontenan ngraosaken kesrakat punika sanes prekawis ingkang gampil katindakaken. Punika kekiyataning kapitadosanipun. Kapitadosan ingkang saged andadosaken kekendelan lan nahanaken dhiri ngadhepi sadhengah prekawis.

Wonten ing gesang, kita ugi asring ketaman ing kasangsaran. Wonten kalanipun kita kadosdene ngadhepi tiyang ingkang damel kita bilai. Saged ugi kita kadosdene Juru Mazmur, kita boten sabar nengga pitulunganipun Gusti, punapa malih ing bab-bab ingkang dumadakan damel kita ngraosaken sedhih. Kados dene juru Mazmur ingkang tansah ngunjukaken pasambat dhateng Gusti, kita saged sinau supados saged nyumendhekaken lan masrahaken gesang kita dhateng Gusti. Boten wonten tembung sanes ingkang pantes kita unjukaken dhateng Gusti kejawi pasambat, “*Dhuh, Gusti nyuwun tulung!*” |*AW

Prasangka

Para juru-mupu-beya lan wong dosa iku adate padha sowan ing ngarsane Gusti Yesus ngrungokake piwulange. Wong Farisi lan para ahli Toret satemah padha kedumelan, pangucap: “Wong iku kog nampani wong dosa lan mangan bebarengan.”

(Lukas 15:1-2)

Mbokmenawi kita badhe ngedumel, nebihi lan reraosan awon manawi mangertos wonten tiyang ingkang dhumawah dosa. Punapa kita badhe enggal nampani manawi tiyang dosa kala wau mratobat? Pranyata boten gampang. Limrahipun tiyang tansah mangu-mangu kaliyan pamratobatipun tiyang dosa. Kirang pitados dhumateng adrenging manahipun tiyang ingkang mratobat.

Prakawis ingkang sami dipun raosaken dening juru-mupu-beya lan tiyang-tiyang dosa ingkang dipun cariyosaken wonten ing Lukas 15 punika. Piyambakipun purun marek sowan ing ngarsanipun Gusti Yesus lan mirengaken dhawuhipun. Tegesipun tiyang-tiyang punika anggadhahi krenteg kangge mratobat lan ngewahi gesangipun. Ananging adrenging manahipun pranyata dipun enjebi dening para ahli Toret lan tiyang-tiyang Farisi ingkang estunipun langkung mangertos piwulang bab katresanan. Boten caos sukur lan enggal nampani tiyang dosa, tiyang-tiyang punika malah nggedumel lan sengit dhateng Gusti Yesus. Kalih pasemon ingkang dipun wucalaken Gusti Yesus nedahaken dhateng kita bilih Allah sang Rama punika karsa madosi tiyang ingkang ketriwal lan ngraosaken kabingahan nalika sampun pinanggih.

Lumantar piwucalipun, Gusti Yesus ngersakaken supados kita mbucal pamanggih awon dhumateng tiyang dosa ingkang purun mratobat. Gusti Yesus ngersakaken supados kita purun nampi tiyang dosa ingkang mratobat kanthi bingah. Malah kepara kita kedah nyawisaken wekdal kangge madosi lan manggihaken tiyang-tiyang punika. Menawi kita taksih anggadhahi raos sumelang bab pamratobatipun, sumangga kita pasrahaken dhumateng Gusti Allah. |*AW

Investasi

“Padha memitrana kalawan migunakake Mamon kang ora temen iku, supaya manawa kowe koncatan Mamon iku, kowe banjur ditampani ana ing tarub kang langgeng”.

(Lukas 16:9)

Tiyang ingkang pinitados nindakaken padamelan kedah nggadahi tanggul jawab. Palapuran tanggul jawab badhe paring katrangan bilih tiyang punika estu punapa boten piyambakipun pinitados lan kasil anggenipun nindakaken setunggaling padamelan. Pasemon punika nyariyosaken bab juru-gedhong ingkang ngawut-awut barang darbekipun bendara ingkang dipun pitadosaken dhateng piyambakipun. Bendara ingkang mangertos punapa ingkang katindakaken dening juru-gedhongipun mundhut tanggul jawabipun. Juru-gedhong ngrumaosi kalepatanipun lan ngrumaosi bilih boten saged selak. Nanging piyambakipun boten kepingin kecalan masa-depanipun mekaten kemawon. Mila piyambakipun lajeng migunakaken kalenggahanipun kangge nylametaken dhiri.

Inggang kacariyosaken ing pasemon punika paring gambaran dhateng kita minangka tiyang pitados sesambetan kaliyan barang darbe ingkang kapitadosaken dhateng kita. Boten wonten setunggal kemawon barang darbe ingkang wonten ing gesang punika mligi gadhahan kita. Kita namung pinitados kangge ngrimat. Satunggaling wekdal kita badhe nilaraken sadayanipun. Mila nalika kita taksih wenang ing atasing mamon ingkang boten jujur, kita kedah migunakaken kangge mbangun sesambetan ingkang anggadhahi kalanggengan.

Menawi juru-gedhong ingkang boten jujur kemawon mangertos migunakaken wekdal ingkang dipun gadahi kangge masa-depanipun, mila pandherekipun Gusti Yesus kedah langkung wicaksana anggenipun migunakaken barang darbekipun. Menawi kita pinaringan barang darbe ateges kita nggadahi tanggul jawab bab barang darbe punika. Anggenipun migunakaken dados ujian tumrap wewatekan kita. Paedahipun temtu boten namung kangge dhirinipun piyambak ananging tumuju dhateng kalanggengan. Kados pundi caranipun? Inggih punika kanthi migunakaken barang darbe kangge sarana martosaken kabar kabinggahan dhateng kathah tiyang. |*AW

Siyaga

“Mulane padha meleka, awit kowe padha ora weruh dinane lan wayahe”
(Mateus 25:13)

Punapa ingkang mbedakaken prawan kang bodho lan ingkang pinter? Punapa ingkang pinter langkung sampun mangertos kapan wekdalipun penganten kakung rawuh? Punapa awit ingkang pinter punika boten tilem? Punapa awit ingkang pinter punika mbekta diyan langkung sae? Prayata boten! Kekalihipun samidene boten mangertos kapan wekdalipun penganten kakung rawuh. Kekalihipun samidene anggenipun tilem. Kekalihipun samidene setya nengga rawhipun penganten kakung lan ugi samidene kaget nalika mireng bilih penganten kakung rawuh. Diyan ingkang dipun bekta dening ingkang pinter kaliyan ingkang bodho ugi sami. Lajeng punapa ingkang mbedakaken? Prawn gangsal ingkang pinter kejawi mbekta diyanipun, ugi nyawisaken wadah isi lenga.

Pasemon bab sedasa prawan ingkang methukaken penganten kakung punika estunipun boten lelampahan ingkang anyar nanging sampun asring dipun lampahi ing gesang padintenan. Sadayanipun mangertos bilih penganten kakung badhe rawuh ing wanci dalu, ananging boten mangertos kapan wancinipun. Sadayanipun mangertos bilih penganten kakung saged kemawon rikat anggenipun rawuh, ananging saged ugi taksih dangu. Minangka tiyang ingkang sampun mangertos kawontenan makaten punika, mesthi kanthi wicaksana anggenipun nyawisaken lenga tambahan ingkang dipun betahaken supados ing sawanci-wanci penganten kakung rawuh, diyanipun tetep murup. Boten makaten ingkang katindakaken dening gangsal prawan ingkang bodho. Kasebut bodho awit boten cecawis anggenipun methukaken penganten kakung. Piyambakipun mangertos kawontenanipun ananging boten cecawis kanthi sae.

Kita boten mangertos kapan wekdalipun Gusti Yesus rawuh malih. Ananging kita mangertos bilih Panjenenganipun ngersakaken supados kita nyawisaken gesang kanthi sae. Sumangga kadosdene prawan wicaksana ingkang nyawisaken dhiri kanthi ngugemi lan nindakaken pangandikanipun Gusti saben ari. |*AW

Tumemen

“Lan sing sapa ora tumemen bab prakara kang sepele, iku iya ora tumemen ing bab prakara kang wigati”

(Lukas 16:10)

Wontenipun prakawis ingkang wigati padatanipun saking pakulinan ngremehaken prakawis-prakawis sepele, kanthi ujar: *“Ah, sepele! Kaya ngono kok ndadak digawe ribut?”* Nalika ngucap mekaten estunipun kita saweg ndamel luwangan ingkang ageng lan pungkasanipun kita saged kacemplung. Kedahipun kita boten ngremehaken prakawis-prakawis sepele, kados ingkang dipun ngendikakaken dening Gusti Yesus; *“Lan sing sapa ora tumemen bab prakara kang sepele, iku iya ora tumemen ing bab prakara kang wigati”*. Ing kasunyatanipun kita kepingin enggal pikantuk tanggelp-jawab ingkang wigati, kamangka Gusti Yesus ngersaken kita langkung rumiyin nedahaken raos tanggelp-jawab lan kasetyan ing saklebeting prakawis-prakawis ingkang sepele.

Mila saklajengipun Gusti Yesus ngemutaken dhateng para sekabat supados sampun ngantos anggadhahi bendara kalih; inggih punika Gusti Allah lan Mamon. Dene Mamon punika estunipun bandha kadonyan. Pandherekipun Gusti kedah milih salah satunggal. Pilihanipun punika saged ketawis saking anggenipun migunakaken bandha. Manawi Gusti Allah boten dados bendara anggen kita migunakaken bandha, punika ateges bilih bandha punika sampun dados bendara kita. Menawi punika ingkang kelampahan, ateges kita sampun nindakaken punapa ingkang cengkah kaliyan dhawuhipun Gusti Yesus, kados dene tiyang Farisi ingkang ngawula bandha mila nggadhahi penganggep bilih gumebyaring bandha punika dados tandha bilih satunggaling tiyang punika binerkahan dening Gusti Allah.

Anggadhahi bandha ateges anggadhahi tanggelp-jawab. Ngginakaken bandha kita kanthi tanggelp-jawab dados ujian tumrap wewatekan kita, ingkang dipun wiwiti saking prakara-prakara ingkang sepele. Saben tiyang ingkang saged ngginakaken kanthi tumemen bandha ingkang cacahipun alit utawi sepele, badhe dipun pitadosi ugi nyepeng bandha ingkang langkung ageng utawi wigati. |*AW

Panasar

*“Reksanen awakmu dhewe! Manawa sadulurmu duwe kaluputan welehna;
manawa kaduwung apuranen.”*

(Lukas 17:3)

Manungsa punika mahluk sosial ingkang tansah gesang tetunggilan. Pancen wonten tiyang ingkang gesang miyambak, gesang nebih saking bebrayan ageng; ananging cacahipun namung sekedhik. Limrahipun, tiyang punika sesambetan lan sesrawungan kaliyan tiyang sanes ing bebrayan ageng. Ananging prekawisipun, boten saben warganing bebrayan ageng anggadhahi wewatekan ingkang sae.

Lumantar Lukas, Gusti Yesus memucal lan ngemutaken wontenipun panasar ing gesang sesarengan kita: *“Ora kena ora mesthi bakal ana panasaran”*. Tiyang ingkang nasaraken tiyang sanes punika mesthi wonten ing gesang bebrayan ageng. Tumrap tiyang ingkang gadhah wewatekan mekaten Gusti Yesus ngendika kanthi cetha: *“Luwih becik manawa wong iku dikalungana ing watu panggilingan lan banjur dicemplungake ing sagara, katimbang nasarake salah sijine wong kang ringkih iki”*. Pangandikanipun Gusti Yesus rikala semanten nyethakaken bilih juru panasar kedah dipun singkiraken saking antawising bebrayan ageng; punapa malih saking antawising pasamuwan. Pangandikanipun Gusti Yesus punika nedahaken anggenipun duka awit saking wontenipun tiyang ingkang nasaraken sesaminipun ing saktengahing gesang sesarengan. Manungsa gesang sesarengan punika supados saged samidene tetulung, nglipur lan ngiyatekan, boten malah nasaraken saktermah njalari sadherekipun nemahi bilai. Ananging tetep wonten pangapunten dhateng sok sintena tiyang ingkang nelangsani kalepatanipun lan mratobat.

Pasamuwan ugi asring kaaben-ajengaken kaliyan juru panasar. Wonten tiyang ingkang kepingin pasamuwan punika sami dredah saengga nasaraken ing bab piwucal utawi pranatan pasamuwan. Utawi nasaraken supados ngasoraken agami sanes utawi supados nganggep bilih tradhisi lan kabudayan minangka mengsah. Dhumateng para juru panasar, pangandikanipun Gusti Yesus cetha trawaca: kedah dipun singkiraken! Kejawi menawi purun nelangsani kalepatanipun lan mratobat. |*AW

Rawhipun Gusti

Kejene wluğunira kagemblenga dadi pedhang, lan atinira kagawea tumbak; wong kang ringkih ngucapa: "Aku iki pahlawan!"

(Yoel 3:10)

Sasampunipun mrangguli setunggaling prekawis utawi prastawa ingkang mrihatosaken, bab ingkang endah badhe karaosken dening manungsa nalika saged neksemi bilih Gusti Allah saestu rawuh wonten ing satengah-tengahing gesangipun sarta nelakaken katresnan lan panguwaosipun.

Rawhipun Gusti Allah dipun pratelakaken lumantar remukipun bangsa-bangsa ingkang ndhatengaken kamlaratan lan panganiaya dhateng umatipun. Kapratelakaken bilih Gusti Allah badhe males sadaya panindhes ingkang sampun katindakaken. Dene wujuding pamales inggih punika kanthi ngundhangaken perang. Para prajurit sami katimbangan samekta. Sadaya gaman kedah dipun cawisaken kanthi saestu supados para prajurit saged ngasoraken mengsah ing saktengahing paprangan. Sedaya tiyang kabereg supados samekta methukaken dinten rawhipun Gusti Allah ingkang ugi ateges dinten pangadilan. Pecawisan punika dipun gambaraken kados dene ngadhepi perang. Gusti Allah rawuh ing dinten ingkang sampun katetepaken minangka Hakim. Ing wekdal punika bangsa-bangsa badhe dipun jeksani awit kalepatan ingkang dipun tindakaken. Daya pangaribawa dintening Gusti Allah dipun gambaraken kadosdene panggeroning singa ingkang tansah siyaga ngayomi umatipun. Ing wekdal punika boten wonten ingkang saged nandhingi kekiyatanipun Gusti Allah. Kagambaraken sedaya pepadhang badhe ical cahyanipun salin dados peteng lelimengan. Kosok wangsulipun ing dintenipun Gusti Allah, umat malah badhe ngraosaken kabingahan lan lubering berkah saking Gusti Allah.

Dados umatipun Gusti Allah punika dadosaken kita tansah wonten ing pangayomanipun Panjenenganpun ingkang nguwaosi gesang kita. Boten wonten ingkang badhe saged damel kita dhawah awit Gusti Allah piyambak ingkang dados kutha beteng kita. Sinaosa kita taksih saged ngraosaken sakit, panindhes, dipun sengiti kathah tiyang awit kapitadosan kita; sadaya punika boten saged ngalang-alangi anggenipun Gusti Allah rawuh mitulungi kita.

|*AW

Ngetang Dinten

*Kawula mugi sami Paduka wulang ngetang dinten kawula ing saleresipun,
supados sageda sami angsal manah ingkang wicaksana
(Jabur 90:12)*

Jabur punika ngrembag bab ngetang dinten. Boten supados dinten-dinten punika rikat lumampah, ananging supados manungsa langkung wicaksana migunakaken wekdal peparingipun Gusti. Kening punapa juru mazmur nyuwun supados dipun wucal supados saged ngetang dinten? Awit Juru Mazmur ngakeni bilih Gusti Allah punika dados papan pangungsenipun. Juru Mazmur ngrumaosi bilih raos ayem ing gesangipun punika boten amargi anggadhahi papan panggenan ingkang sakeca, ananging amargi nggadhahi sesambetan ingkang rumaket kaliyan Gusti. Saklajengipun Juru Mazmur ugi ngraosaken bilih gesang punika winates kados dene lebu lan sekar ingkang gampil lesah lan alum. Punika paring gambaran bab sesambetan ingkang sakleresipun ing antawisipun Gusti Allah ingkang nitahaken kaliyan manungsa minangka titah ingkang ringkih.

Mila Juru Mazmur nyuwun dipun paringi pangertosan bilih gesang punika namung sawetawis wekdalipun, lajeng kepingin nggadhahi manah ingkang wicaksana lan gesangipun dados berkah. Kawicaksanaan punika ngemu teges boten namung pinter nglampahi gesang nanging ugi gesang kanthi tansah ajrih asih lan mbangun turut dhumateng Gusti Allah. Kanthi kawicaksanaan kangge mangertosi karsanipun Gusti Allah ing gesang punika, manungsa badhe saged ngadhepi gesang ingkang awrat lan namung sakwetawis wekdal punika kanthi tansah dados berkah.

Asring kita rumaos saged ngendhaleni lan nata wekdal ingkang wonten. Kita ugi asring nggadhahi pamanggih bilih wekdal anggen kita gesang punika taksih sakwetawis dangu saktemah rumaos taksih kathah prekawis ingkang saged lan badhe kita tindakaken. Pamanggih punika damel kita asring kesupen bilih wekdal punika sanes gadhahan kita, nanging kagunganipun Gusti Allah. Mila ingkang dados pitakenan inggih punika punapa kita sampun migunakaken wekdal kanthi wicaksana satemah kita saged ngaturaken tanggél-jawab wonten ngarsanipun Gusti Allah? |*AW

Waspada

“... Rawuhe Kratoning Allah iku tanpa pratandha-pratandha kang katon...”
(Lukas 17:20)

Salah satunggaling pepesthen ingkang wonten ing gesang inggih punika bilih sadaya boten saged dipun pesthekaken. Punapa ingkang dados pikajengipun tiyang asring boten saged maujud lan kosok wangsulipun punapa ingkang boten dipun ajeng-ajeng malah mawujud sanalika. Ngadhepi kasunyatan ingkang kados mekaten, manungsa kedah tansah waspada ngadhepi sadaya ingkang badhe kelampah wonten ing gesangipun.

Wangsulanipun Gusti Yesus dhumateng tiyang Farisi bab wekdal badhe rawuhipun Kratoning Allah punika ugi sampun asring dipun wucalaken dhateng para sekabat ingkang estunipun sampun mawujud ing rawuhipun Gusti Yesus. Tiyang Farisi boten saged mangertosi bab Kratoning Allah awit pikiranipun sampun campur-suh kaliyan gebyaring donya ingkang tansah dipun upadi ing gesangipun. Gusti Yesus ngersakaken supados para sekabat sami waspada nalika ngantu-antu rawuhipun Kratoning Allah ingkang wekdalipun boten kanyana-nyana. Para sekabat dipun wucal supados boten kelu dhateng piwulang mblasar, boten kagodha dening ancasing gesang ingkang asor lan gesang ingkang namung kangge nedha, ngombe lan omah-omah. Sarta para sekabat kedah mbudidaya supados saged boten kapencut dhateng bandha kadonyan. Kanthi kawaspadaan ing gesang pungkasanipun saged dipun bedakaken sinten ingkang pantes gesang sesarengan kaliyan Gusti Allah wonten ing Kratonipun lan sinten ingkang boten.

Mila gesang waspada punika wigati tumrap kita minangka tiyang pitados. Kawaspadan punika badhe andadosaken kita tansah anggadhahi tameng kangge ngadhepi panggodha, boten kelu dhateng piwucal mblasar lan sumedya ngadhepi kawontenaning gesang ingkang boten selaras kaliyan pepinginan kita kanthi tansah pitados dhateng Gusti Allah. Gesang waspada lan tansah sumendhe dhumateng Gusti Allah badhe ndadosaken kita tansah sumedya methukaken rawuhipun Kratoning Allah ing saben wekdal. |*AW

Panganiaya

“...panganiaya wus thukul dadi gitik kang tumrap ing duraka...”
(Yehezkiel 7:11)

Panganiaya asring dados margi kangge ngrampungaken sakathahing prekawis kaadilan lan kamanungsan ing negari Pancasila, ingkang sejatosipun isi kaendahaning ngagami, keberadaban, kamanungsan, kemajemukan lan kaadilan. Lan manawi kita migatosaken pawartos ing koran punapa dene televisi asring martosaken kanthi cetha-trawaca prastawa rerusuh, tawuran, pangrusakan ngantos raja-pati ingkang mrihatosaken sanget. Panganiaya wus thukul!

Yehezkiel kanthi sanget martosaken kawusananing Yerusalem awit pratingkahing bangsa ingkang remen nindakaken panganiaya. Sedaya badhe ngraosaken lemes, asor lan sadaya badhe mlajar awit saking ajrihipun. Boten wonten ingkang kantun. Sepinten kathahing kasugihanipun boten badhe saged nylametaken nyawanipun. Badhe madosi katentreman nanging eman, sadaya sampun telat. Kasangsaranipun badhe sangsaya awrat awit ing wekdal punika piyambakipun badhe kecalan kekiyatan karohanenipun, inggih punika pamecanipun nabi, piwulanging Toret lan panggulawenthaning pinituwa. Punika ateges boten wonten malih ingkang badhe paring panglipur, boten wonten malih ingkang paring piwucal lan panggulawenthah, punika ingkang badhe sangsaya andadosaken Yerusalem sangsaya asor lan nistha. Mila leres, manawi *“panganiaya wus thukul dadi gitik kang tumrap ing duraka”* badhe andadosaken kaendahaning gesang ingkang sampun kabangun badhe sirna.

Bebendunipun Gusti Allah estunipun boten kalangkung awrat awit estunipun bebenduning Gusti Allah punika boten timbang kaliyan panerak ingkang sampun katindakaken dening manungsa. Punapa malih Gusti Allah tansah mratelakaken katresnan lan pangapuntenipun dhateng manungsa. Pramila sapunika sampun wekdalipun kangge kita minangka tiyang pitados sigeg anggenipun nindakaken panganiaya dhateng sesami adedasar punapa kemawon. |*AW

Tanggél jawab

“Becik banget pangaweanmu iku, heh, batur kang becik lan tumemen;...”
(Mateus 25:23a)

Pasemon bab talenta punika memucal bab tanggél jawabipun tiyang pitados ing dinten rawuhipun Gusti Allah ingkang kaping kalih. Saben tiyang dipun paringi timbalan lan peparing ingkang kedah dipun ngrembakakaken minangka wujud anggenipun ngluhuraken Gusti Allah. Ing wekdalipun rawuh, Panjenenganipun badhe mundhut tanggél jawab kita; inggih punika wohing pandamel ingkang kita tindakaken wonten sakuruting gesang.

Kita dipun pralambangaken minangka abdi ingkang pitados dening bendaranipun supados ngrembakakaken talenta. Saben abdi nampi talenta midherek kasagedanipun piyambak-piyambak. Kesagedan ing mriki nedahaken bilih bendara punika ngersakaken abdi-abdinipun punika supados sami ngrembakakaken talenta ingkang dipun tampi. Abdi kapisan lan kalih saged mujudaken ingkang dados kersanipun bandara. Ananging eman abdi ingkang nampi setunggal talenta boten purun ngrembakaken talenta ingkang dipun tampi. Abdi ingkang nampi gangsal lan kalih talenta kasebut abdi ingkang becik lan tumemen pramila piyambakipun lajeng kepareng lumebet lan ndherek ngraosaken kamuktaning bandara sarta dipun tinanggenah nampi tanggél jawab ingkang langkung ageng malih. Abdi ingkang nampi setunggal talenta kasebut abdi ingkang ala lan kesed pramila piyambakipun lajeng dipun ukum ing pepeteng kang banget petenge.

Ing pangadilan ingkang pungkasan Gusti Allah boten namung mirsani sepinten agenging lan kathahing peladosan kita, ananging Gusti Allah mirsani kados pundi raos tanggél jawab kita anggenipun ngrembakaken talenta ingkang sampun kaparingaken dhateng kita cundhuk kaliyan kesagedan kita piyambak. Tanggél jawab ing padamelan lan peladosan punika minangka wujud kasetyan kita dhumateng Gusti Allah. Kasetyan kita punika kapratelakaken kanthi anggen kita nindakaken padamelan lan peladosan kita saksae-saenipun, tumemen lan kanthi kebak tanggél jawab. |*AW

Ora Bosen

“Gusti Yesus paring pasemon marang para sakabate, kang wose supaya tansah padha ndedonga, aja nganti bosen.”

(Lukas 18:1)

Kathah tiyang pitados ingkang nolak manawi dipun aturi ndedonga, ing kempalan pandonga punapa malih ing saklebeting pangibadah. Alesanipun kathah: ing antawisipun wonten ingkang rumaos lingsem manawi pandonganipun kapiireng dening tiyang kathah, wonten ugi ingkang bosen awit rumaos pandonganipun boten dipun pidhangetaken dening Gusti Allah lan taksih kathah alesan sanesipun. Kados pundi caranipun supados kita boten bosen ndedonga?

Lumantar pasemon bab hakim kang tumindak sawenang-wenang Gusti Yesus memucal dhateng para sakabatipun supados tansah ndedonga lan boten bosen ngantos pikantuk wangsulan saking Gusti Allah. Randha miskin ingkang saweg ngadhepi prekawis hukum, kamlaratanipun ndadosaken piyambakipun boten kuwagang ngadhepi prekawis punika. Mila punika namung satunggal cara ingkang saged katindakaken inggih punika kanthi nyuwun tulung dhateng hakim. Hakim punika sampun misuwur kanthi tumindakipun ingkang dakwenang. Namung kadospundi malih, randha miskin punika kedah ngadhepi hakim punika. Boten wonten cara sanes. Sampun makaping-kaping anggenipun hakim punika boten mreduli. Sinaosa mekaten randha miskin punika wekel anggenipun nyuwun pitulunganipun. Piyambakipun pitados manawi hakim punika sumadya paring pitulungan, mesthi prekawisipun saged rampung. Punika ingkang ndadosaken randha miskin tetep anggadhahi tekad kanthi taberi nyenyuwun dhateng hakim punika. Boten dipun cariyosaken kanthi cetha punapa kemawon ingkang katindakaken dening randha miskin punika nanging ingkang baken pungkasanipun hakim punika purun paring pitulungan.

Gusti Allah temtu beda kaliyan hakim ingkang dakwenang. Panjenenganipun tansah miyarsakaken pandonga lan panyuwuman kita awit saking katresnanipun. Gusti Allah punika Rama lan Hakim ingkang adil, ingkang tansah mbelani kita. Panjenenganipun tansah migatosaken sadaya kabetahan kita, uger kita boten bosen nyenyuwun. |*AW

Bebendu

“... sabab miturut surasane sumpah wewelak iku, saben maling ana ing kene isih luput ing paukuman...”

(Zakharia 5:3)

Ing jaman sapunika, wekdal lan panggodha kangge colong-jupuk ing sadaya babagan padamelan taksih jembar. Kathah tiyang ingkang ngendika bilih ing jaman rumiyin boten asring kedadosan colong-jupuk awit taksih kathah tiyang ingkang anggadhahi patuladhan, ajining dhiri lan raos ajrih. Sapunika tigang bab punika sampun dados wewatekan ingkang langka. Maling sangsaya kathah lan tansah wonten ing sakiwa-tengen kita.

Kitab Zakharia nyariosaken bilih saben maling lan tiyang ingkang sumpah wewelak boten badhe uwal saking paukumanipun Gusti Allah. Kadosipun bangsa Israel boten nindakaken karsanipun Gusti. Para pemimpin paring kalodhangan dhateng para maling supados boten dipun ukum, kepara ngendelaken maling supados saged ngraosaken wohing colong-jupukipun.

Kawontenaning bangsa Israel nalika semanten kirang langkung kados dene kawontenaning bangsa kita ing jaman sapunika. Pamerintah taksih dereng saged ngukum tiyang ingkang korupsi kanthi ukuman ingkang awrat. Koruptor taksih asring uwal saking paukumanipun, malah wonten sakwetawis ingkang saged dados pangarsaning negari. Koruptor ingkang kinunjara ugi taksih kanthi gampil “dolan-dolan” ngraosaken wohing korupsi. Ing kawontenan ingkang kados makaten, tiyang pitados katimbangan dados patuladhan ing babagan kajujuran lan gesang lurus awit mangertos bilih Gusti Allah badhe paring paukuman dhumateng para maling lan saben tiyang ingkang sumpah wewelak.

Anggenipun Gusti Allah badhe mulihaken gesangipun umat boten namung lumantar pamerintah ingkang sangsaya temen anggenipun mbudidaya ngicali korupsi lan nindakaken revolusi mental. Ananging kedah dipun sengkuyung ugi kanthi krenteging masyarakat kalebet tiyang pitados kangge ngemudheni dhiri supados gesangipun tansah ajrih asih dhumateng Gusti Allah. |*AW

Katampi

“Zakheus enggal-enggal mudhun lan nampani Gusti Yesus kalawan bungah”

(Lukas 19:6)

Minangka juru-mupu-beya, Zakheus dipun anggep minangka tiyang dosa. Kathah tiyang ingkang boten remen dhateng piyambakipun. Ananging panganggeping tiyang kathah punika boten dados pepalang tumrap Zakheus kangge madosi lan kepingin tepang kaliyan Gusti Yesus. Kathah pepalang ingkang kedah dipun adhepi nalika piyambakipun kepingin nyelak kaliyan Gusti Yesus. Wiwit pepalang saking dhirinipun piyambak awit piyambakipun tiyang ingkang cendhek dedegipun, ngantos pepalang saking njawi; inggih punika kathahipun tiyang ingkang ngalang-alangi saengga piyambakipun ngantos boten saged ningali Gusti Yesus. Ananging sadaya pepalang punika boten andadosaken Zakheus kemba. Piyambakipun mbudidaya pados cara supados saged celak kaliyan Gusti Yesus. Punika ingkang damel piyambakipun purun menek wit anjir namung supados saged ningali Gusti Yesus. Pambudidayanipun estu boten nglaha. Zakheus pungkasanipun saged pepanggihan kaliyan Gusti Yesus.

Pepanggihan punika wujud panampinipun Gusti Yesus dhateng Zakheus. Kawujudaken kanthi Panjenenganipun ngendika bilih karsa lereb ing griyanipun Zakheus. Temtu kemawon ingkang katindakaken dening Gusti Yesus punika andadosaken kathah tiyang sami ngedumel awit Zakheus kaanggep boten pantes nampi rawhipun Gusti Yesus ing griyanipun. Kanthi karsa lereb ing griyanipun Zakheus, Gusti Yesus estunipun memucal bilih sih-rahmatipun Gusti Allah punika ugi kangge tiyang ingkang kaanggep dosa lan dipun sebrataken dening tiyang kathah. Punika ancasipun Gusti Yesus rawuh ing donya; inggih punika madosi lan mitulungi saben tiyang ingkang katriwal supados manggihaken kawilujengan. Pepanggihanipun kaliyan Gusti Yesus andadosaken Zakheus ngrumaosi piyambak bilih ing gesangipun kedah wonten ewah-ewahan.

Ing masyarakat, kathah tiyang ingkang dipun singkiraken utawi katriwal. Waosan Injil punika ngatag kita supados purun nresnani lan nampi tiyang ingkang katriwal kados dene Gusti Yesus. |*AW



Ing Sadhengah Kawontenan

“Dhemi Yehuwah kang gesang, apa kang bakal dipangandikakake dening Sang Yehuwah marang aku, yaiku kang bakal dakucapake”.

(1 Para Raja 22:14)

Wonten tiyang ingkang namung remen nampi pawartos ingkang sae kemawon. Mila menawi nandhang sesakit ingkang nemen, piyambakipun boten wantun miterang dhateng dokter punapa diagnosanipun. Ananging wonten ugi tiyang ingkang kepingin mangertos kanthi satiti punapa sejatosipun ingkang dados sesakitipun

Tigang taun laminipun bangsa Israel gesang tanpa perang. Dumadakan Raja Israel lan Raja Yehuda sekuthon ngrebut Ramot-Gilead. Kangge mujudaken sedyana punika, kekalihipun pados Nabi kangge nyuwun pirsana punapa sedyanipun punika dipun keparengaken dening Gusti Allah. Jebul Nabi Mikha malah meca bebendu kangge Israel. Mangka estunipun mbebayani sanget menawi meca bab ingkang awon dhateng raja awit saged duka lan paring paukuman. Ananging Nabi Mikha namung ajrih dhumateng Gusti Allah. Mila sadaya ingkang dados karsanipun Gusti Allah, inggih punika ingkang kaweca. Nabi Mikha mangertos tandang-damelipun prabu Akhab ingkang kados dene lare alit lan kosok wangsulipun prabu Akhab ugi mangertos bilih nabi Mikha punika badhe mblakakaken punapa ingkang dipun kersakaken Gusti Allah. Punika ingkang damel prabu Akhab estunipun aras-arasen nimbali nabi Mikha awit piyambakipun namung remen mireng pawartos ingkang dipun remeni katimbang pawartos ingkang sakleresipun.

Asring kita ugi namung kepingin nampi pawartos ingkang sae-sae kemawon. Kita ugi asring namung remen dhateng kotbah-kotbah ingkang isi panglipur lan pambombong kemawon. Ananging Gusti Allah awit katresnanipun ugi badhe nyaruwe lan melehaken kita. Panjenenganipun ngersakaken supados kita dados langkung sae lan langkung rumaket. Panjenenganipun ngersakaken supados kita tansah sumendhe dadosa ing wanci bingah makaten ugi ing wanci sisah, ing kawontenan ingkang sakeca punapa dene ing saklebeting panandhang, ing saklebeting pameleh lan panglipur; ing salaminipun. |*AW

Wekdal Mirunggan

*“... awit kowe ora nyumurupi wayahe anggone Gusti Allah nuweni kowe.”
(Lukas 19:44)*

Ing pamirsanipun Gusti Allah, “wekdal” punika saestu wigati. Mila boten nggumunaken ing Kitab Suci Gusti Allah sinebat minangka Sang Alfa lan Omega; ingkang wiwitan lan ingkang pungkasan. Tembung punika minangka pangaken bilih Gusti Allah punika ingkang nguwaosi wekdal saking wiwitan ngantos dumugi pungkasan jaman.

Nalika tindak dhateng Yerusalem, Gusti Yesus mratelakaken kawigatosanipun dhateng kitha punika. Luhipun mbrebes-mili nalika mirsani kitha punika. Kanthi trenyuh awit tresnanipun, Gusti Yesus ngandika: *“Adhuh, iba becike manawa ing dina iki uga kowe nyumurupi apa kang prelu kanggo tentrem rahayumu!”* Eman bilih Yerusalem minangka kitha tentrem rahayu malah dados kitha ingkang “kagempur nganti wrata karo lemah” awit boten mangertos wekdalipun Gusti Allah ngrawuhi lan milujengaken umatipun.

Prekawisipun inggih punika kados pundi anggen kita saged mangertos bilih Gusti Allah sampun nyawisaken wekdal ingkang mirunggan kangge milujengaken kita? Namung satunggal cara; inggih punika kanthi tansah nyelak kaliyan Gusti Allah ingkang minangka ingkang kuwaos milujengaken kita.

Gesang celak kaliyan Gusti Allah kawujudaken kanthi kulina migatosaken sabdanipun wonten Kitab Suci. Kanthi mbangun pakulinan punika, kita badhe langkung tengen mirengaken sabdanipun Gusti Allah wonten ing gesang padintenan nalika srawung kaliyan sesami lan sadaya ingkang tumitah. Menawi sampun tengen, kita badhe langkung ngaosi wekdal peparingipun Gusti Allah. Boten wonten wekdal ingkang muspra awit kita tansah ngudi migatosaken lan nindakaken karsanipun Gusti Allah ing gesang padintenan. Boten wonten wekdal ingkang muspra awit ing sakuruting gesang kita tansah mbudidaya nyawisaken dhiri ngantu-antu wekdal mirunggan anggenipun Gusti Allah rawuh milujengaken kita. |*AW

Kaagem Gusti

“Ingsun kang ngandika bab Koresy: Iku abdi pangoningSun sakehing karsaningSun bakal dilakoni...”

(Yesaya 44:28)

Rancangan kawilujengan saking Gusti Allah punika dipun pratelakaken lumantar wosing sesambetanipun kaliyan bangsa Israel: *“Mangkene pangandikane Sang Yehuwah, Juru Panebusmu, kang mangun kowe wiwit saka ing wetengan”*. Tembung Gusti Allah ingkang mangun nedahaken bilih Panjenenganipun karsa ndadosaken bangsa Israel punika umatipun. Mila sinebat bilih saking antawising bangsa-bangsa sanes, bangsa Israel punika sampun kapiji wiwit ing wetengan. Lan Gusti Allah ugi karsa ngagem prabu Koresy saking Persia kangge nuntun wangsul bangsa Israel saking tanah pambuwangan supados mbangun malih Padaleman Suci utawi njejegaken malih pangabekti dhateng Gusti Allah.

Gusti Allah kepareng ngagem tiyang saking bangsa sanes anggenipun mitulungi umatipun nalika kasangsaran ingkang karaosaken ing tanah pambuwangan damel bangsa Israel sambat nyuwun pitulungan. Ing taun 539 SM, Raja Persia punika nelukaken karajan Babil lan ngeparengaken saben bangsa ingkang kabuwang, kalebet bangsa Israel; wangsul malih dhateng papan dunungipun.

Mila kados dene Gusti Allah karsa miji bangsa Israel lan prabu Koresy, Panjenenganipun ugi karsa ngagem sinten kemawon kalebet kita, sae para lare, tiyang anem, adiyuswa; kangge nindakaken karsanipun. Inggang baken minangka tiyang Kristen, Gusti Allah karsa ngagem kita supados tiyang sanes sami mireng pawartos kabingahan utawi Injil saking Gusti Allah lan ngraosaken berkah saha katresnani-Pun lumantar gesang padintenan kita. Mila sinten kemawon kita lan kados punapaa kawontenan kita; kedah tansah sumadya awit sakwanci-wanci ing wakdal ingkang boten kanyanya-nyana, Gusti Allah saged kemawon ngagem kita kangge ngestokaken dhawuhipun. |*AW

Tumindak

“Awitdene nalika Ingsun kerapan, sira caosi dhahar; nalika Ingsun kasatan, sira caosi ngunjuk; nalika Ingsun lelana, sira caosi palereban;...”

(Mateus 25:35)

Waosan Injil ing wanci punika nyariyosaken nalika Gusti Yesus paring piwulang bab Pangadilan ingkang pungkasan. Piwulang punika ngemutaken dhateng manungsa bab wigatosing tumindak. Gusti Yesus ngemutaken bilih sang Nata badhe nampi tiyang-tiyang ingkang boten namung mendel lan ningali, nanging tiyang-tiyang ingkang purun tumindak.

Jebul kita asring manggihaken kathah tiyang ingkang namung mendel lan ningali kasisahanipun tiyang sanes tanpa tumindak satunggal punapa. Menawi migatosaken sabdanipun Gusti Yesus, pranyata tumindak ingkang kakersakaken dening sang Nata punika namung tumindak ingkang prasaja; inggih punika maringi tetedhan dhateng tiyang ingkang sami kerapan, maringi unjukan dhateng tiyang ingkang sami ngelak, maringi rasukan, nuweni tiyang ingkang wonten ing pakunjaran lan maringi pamondhokan dhateng tiyang manca. Bab prasaja punapa kemawon ingkang katindakaken dhateng sesami nadyan ingkang paling asor, jebul tansah kapirsan dening Gusti Allah wonten ing pangadilanipun. Punapa malih menawi bab punika katindakaken kanthi tulusing manah.

Pasemonipun Gusti Yesus bab punapa ingkang badhe kalampahan wonten Pangadilan Pungkasan nandhesaken bab wigatinipun para sekabat tumindak mitulungi sesami ingkang mbetahaken, mirunggan ingkang ringkih; minangka wujuding katresnan lan kawigatosan. Kawigatosan punika katujokaken dhateng sesami ingkang ringkih, sekeng lan asor; ingkang boten saged males tumindak kita.

Sakderengipun benjang sowan wonten ing ngarsanipun Pangadilan ingkang pungkasan, langkung rumiyin sami menggali punapa kemawon ingkang sampun kita tindakaken. Sanes tumindak ingkang namung netepi pangibadah, ananging migatosaken sesami kadosdene Gusti Yesus. Katresnanipun Gusti Yesus ingkang tanpa pamrih sami kadadosaken landhesan. Sumangga nresnani sesami tanpa pamrih, mirunggan ingkang ringkih, asor lan sekeng. |*AW

Gusti Kang Gesang

“Panjenengane iku dudu Allahe wong mati, nanging Allahe wong urip, awit kang ana ing ngarsane kabeh iku wong urip”

(Lukas 20:38)

Tiyang ingkang mangertos bilih masa depanipun boten sekeca badhe nglokro nalika nglampahi gesangipun kados dene bangsa Israel ing tanah pambuwangan. Mesthinipun bangsa Israel rumaos getun. Yerusalem kabedhah lan Padaleman Suci kagempur. Sadaya piranti pangibadah kaangkut dhateng Babil. Bangsa Israel rumaos sampun boten wonten ajinipun malih awit rumaosipun Gusti Allah sampun nyrebataken. Menawi Gusti Allah sampun boten tresna, punapa gesang punika wonten ginanipun malih? Menawi Gusti Allah sampun boten tresna ateges gesang ing donya namung badhe manggihaken bilai.

Lumantar nabi Yeremia, Gusti Allah nglipur bangsa Israel. Sinaosa pancen nampi paukuman awit saking sadaya panerakipun, Gusti Allah tetep tresna lan badhe ngluwari bangsa Israel saking panandhanipun. Gusti Allah ngandika: *“Amarga lah, Ingsun mitulungi sira saka ing panggonan kang adoh, tuwin turunira saka ing nagara pambuwangane. Yakub bakal bali mulih lan urip ayem sarta tentrem, tanpa ana kang gawe giris”* (Yeremia 46:27b)

Pamecanipun nabi Yeremia nedahakan bilih Gusti Allah tansah karsa paring wekdal dhateng umatipun. Panjenenganipun boten ngersakaken wonten kagunganipun ingkang nemahi bilai. Nalika nerak angger-angeripun, Gusti Allah ngersakaken supados manungsa purun mratobat supados manggihaken kawilujengan. Mila Gusti Yesus rawuh ing jagad kangge ndhatengaken kawilujengan tumrap manungsa, sae ing donya mekaten ugi nalika mangkih manungsa tilar donya.

Pramila dhateng tiyang Saduki ingkang sami bote pitados dhateng patangen, Gusti Yesus nelakaken bilih Gusti Allah punika gustining tiyang gesang. Dados sinaosa sampun pejah nanging badhe katangekaken utawi pinaringan gesang malih ing kalanggengan. Taksih wonten wekdal lan pangajeng-ajeng kangge kita mratobat awit Gusti Allah ngersakaken kita lestantun gesang. |*GPY

Andum

“...nanging randha iki ngaturaken saka ing kamiskinane, malah nyaosake sakabehing darbeke kang kanggo urip.”

(Lukas 21:4b)

Wonten lare ingkang dipun ajak mlampah-mlampah kaliyan bapakipun. Lampahipun dumugi ing pager pakebonan ingkang kathah sanget sekar mawar abrit. Ningali kaendahan punika lare wau lajeng matur dhateng bapakipun, *“Pak, sekar-sekar punika endah sanget”*. Dumadakan wonten piyantun putri sepuh ingkang ngendika saking teras griyanipun: *“Njupuka sepira sing mbok pingini, nduk.”* Lare punika lajeng methik satunggal mawar lan atur pamuji awit saking endahing mawar punika sarta ngaturaken panuwun dhumateng simbah putri ingkang kagungan. Piyantun putri punika lajeng paring wangsulan: *“Aku nandur mawar kuwi supaya gawe senenge wong akeh sing ndeleng. Aku dhewe ora bisa ndeleng amarga wuta”*.

Kathah bab ingkang njalari tiyang mboten purun andum kaliyan tiyang sanes. Wonten ingkang rumaos bilih piyambakipun kakirangan mila taksih mbetahaken. Wonten ugi ingkang boten andum awit rumaos boten wonten pigunanipun kangge dhirinipun piyambak. Ananging Gusti Yesus paring pamuji dhateng randha miskin ingkang sinaosa gesangipun sarwi winates ananging kanthi lila ngaturaken sadaya darbekipun minangka pisungsung konjuk Gusti Allah. Gusti Yesus ngandika: *“randha iki ngaturake saka ing kamiskinane, malah nyaosake sakabehing darbeke kang kanggo urip.”* Pangandika punika nandhesaken bilih randha miskin punika pitados bilih sanes cacahing barang darbe ingkang njalari piyambakipun gesang, nanging namung awit saking berkahipun Gusti Allah. Mila piyambakipun lila masrahaken gesang wonten astanipun Gusti Allah ingkang ngrimati gesangipun.

Randha miskin punika dados pangatag kangge kita. Kathah-sakedhik lan piguna kangge dhiri pribadhi sanes landhesan anggen kita andum, nanging kalayan lila. Sumangga nuladha simbah putri ingkang wuta lan randha miskin ingkang lila ngaturaken darbekipun supados tiyang sanes sami saged ngraosaken karahayon. |*AW

Gesang Punika Endah

“Iku bangsane wong kang padha takon ing bab Panjenengane, ingkang sami ngupadosi wedana Paduka, dhuh Allahipun Rama Yakub”

(Jabur 24:6)

Nalika semanten tiyang Yerusalem sami bingah, bombong lan ayem awit wontenipun Pedaleman Suci. Nanging Gusti Yesus lajeng ngandika bilih badhe dumugi wancinipun bilih Padaleman Suci badhe dados jugrugan. Menawi mekaten, punapa tiyang Yerusalem taksih saged ngraosaken bingah, bombong lan ayem?

Wanci punapa kita ngraosaken bilih gesang punika endah? Punapa nalika boten wonten prekawis ing gesang punika? Punapa nalika badan punika sehat? Punapa nalika samudayanipun saged lumampah kanthi prayogi? Pamanggih ingkang makaten damel kaendahaning gesang punika boten saged langgeng karaosaken awit gesang tanpa prekawis, tansah sehat lan samudayanipun saged lumampah kanthi prayogi; punika namung wonten ing pangangen-angen kemawon. Lajeng menawi mekaten, punapa manungsa boten badhe ngraosaken bingah, bombong lan ayem?

Anggenipun manungsa saged ngraosaken kaendahaning gesang punika boten dipun ukur saking kawontenaning kadonyan. Juru mazmur memucal kita bilih gesang ingkang endah punika boten awit saking punapa ingkang kita alami ananging kaliyan sinten kita nglampahi gesang punika. Nalika kita gesang sesarengan kaliyan Gusti Allah, gesang badhe dados endah. Mila Juru Mazmur ngemutaken supados manungsa kedah ngakeni bilih Gusti Allah punika ingkang kuwaos damel gesanging manungsa dados endah sinaosa kedah ngadhepi prekawis lan nyanggi momotaning gesang.

Pancen bandha kadonyan punika wigati murih gesanging manungsa saged prayogi. Nanging rahayu tiyang ingkang tansah ngupadosi wedanipun Gusti Allah ing sakuruting gesangipun. Menawi kita saged manggihaken wedanipun Gusti Allah ing gesang, sinaosa boten wonten Padaleman Suci, sinaosa gesang namung prasaja, sinaosa ngadhepi prekawis lan nyanggi momotaning gesang, kita badhe saged ngraosaken bilih gesang punika estu endah. |*AW

Nalika Kasoran

*“Dhuh Allah, kawula mugè sami Paduka pulihaken, mugè karsaa nyunaraken wadana Paduka, temah kawula sami badhe manggih wilujeng”
(Jabur 80:4)*

Saben tiyang mesthi nate kasoran. Wonten ingkang kasoran ing tetandhingan olah raga, kasoran ing usaha dagangipun, ugi wonten ingkang kasoran anggenipun milut manahipun tiyang lan sanesipun. Panampinipun saben tiyang nalika kasoran punika ugi mawarni-warni. Wonten ingkang stres lajeng muwun lan wonten ugi ingkang nggrantes ing manah miwah semplah. Ananging wonten ugi ingkang rikat anggenipun gumregah malih lan ndadosi kekiranganipun kangge tetandhingan saklajengipun.

Juru Mazmur martosaken bilih umatipun Gusti Allah saweg nggrantes awit saking anggenipun kasoran ing madyaning paprangan. Ing panggrantesipun umat sami ndedonga. Juru Mazmur nyariyosaken anggenipun kasoran dhumateng Gusti Allah lan mbudidaya ndadosi kekiranganipun. Juru Mazmur lajeng ngajak supados umat sami ningali bilih sianosa nedha roti tumetesing luh lan ngombe luh ngantos kathah, ananging piyambakipun tetep anggadhahi Gusti Allah ingkang ingkang santosa. Sinaosa dados rerebatanipun tanggapalih lan cinampahan ing mengsah, ananging piyambakipun anggadhahi Gusti Allah ingkang dados Juru Pangen. Piyambakipun ngrumaosi lan ngakeni bilih namung Gusti Allah ingkang saged paring kasantosan, sanes dhirinipun piyambak. Rumiyyin piyambakipun nate martosaken kasantosaning Gusti Allah awit unggul ing paprangan lan sapunika piyambakipun ugi anggadhahi tekad kangge mratobat supados Gusti Allah karsa mulihaken dhirinipun mila saged ngluhuraken asmanipun Gusti Allah malih.

Kasoran ing bab punapa kemawon saged andadosaken manah kita nggrantes lan semplah. Kita ngraosaken sedhik, kuciwa utawi rumaos dhirinipun paling asor ing ngajenging tiyang sanes. Nalika ngraosaken ingkang mekaten, kita katimbangan supados ndadosi kekirangan utawi kalepatan kita. Sumangga mulihaken manah kita ingkang remuk awit kasoran lan saklajengipun anggadhahana tekad sumarah dhateng Gusti Allah ingkang karsa nuntun lan ngreksa kita.
|*AW

Pitados?

“Ing nalika iku wong bakal padha nyumurupi Putraning Manungsa rawuh nitih mega, ngagem puguwasa lan kamulyan gedhe”

(Lukas 21:27)

Satunggaling koran nate ngemot cariyos karikatur lucu ingkang nggambaraken satunggaling tiyang ingkang sadayan jampi ingkang saged nuwuhaken obat rambut ing pinggir margi kanthi bengak-bengok. Lajeng punapa ingkang lucu saking karikatur punika? Jebul ingkang sadayan gundhul! Cariyos punika nedahaken bilih punapa ingkang dipun gembar-gemboraken dening tiyang ingkang sadayan jampi punika boten saged dipun pitadosi awit tiyang punika boten saged nedahakan paedahipun jampi ingkang dipun sade.

Gusti Yesus martosaken bab rawuhipun malih ingkang kaping kalih. Kadodene pamecanipun nabi Zakharia, nalika semanten anggenipun rawuh badhe dipun kantheni dening ilapat-ilapat ingkang nggegirisi. Nalika ningali lelampahan-lelampahan punika, bangsa-bangsa badhe giris lan bingung; malah ngantos semapat. Nalika bangsa-bangsa kalimputan ing pagiris lan raos kuwatos, Putraning Manungsa badhe rawuh nitih mega ngagem panguwaos lan kamulyan ingkang ageng. Dene para pitados boten badhe ajrih lan kuwatos, nanging kadhawuhan sami njenggelek lan tumenga awit sapunika wancinipun badhe kaluwaran sarta gesangipun badhe kapulihaken.

Lajeng kapan wancinipun Gusti Yesus rawuh lan ngluwaru umat saking sadaya panandhang lan momotaning gesang? Panjenenganipun boten nyumerepaken wekdalipun kanthi blaka. Panjenenganipun namung ngendika bilih menawi sadaya ilapat-ilapat punika sampun katawis, Putranipun Manungsa badhe rawuh. Punapa kita pitados dhateng pamecanipun nabi Zakharia lan pangandikanipun Gusti Yesus bab rawuhipun ingkang kaping kalih? Menawi pitados, punapa ingkang dados tandhanipun? Tandhanipun inggih punika para tiyang pitados tansah jumaga lan setya ngajeng-ajeng rawuhipun Gusti Yesus ingkang kaping kalih kanthi temen mbudidaya ngestokaken sabdanipun wonten sakuruting gesang. Menawi boten wonten wujud utawi tandhanipun, kapitadosan namung badhe muspra kemawon. |*AW

Srakah

“... Lah Ingsun ngrancang bakal nekakake bilai marang jinis iki...”

(Mikha 2:3)

Materialisme utawi karem bandha punika pranyata sampun nguwaosi tiyang wiwit jaman rumiyin ngantos dumugi jaman samangke. Nalika jamanipun nabi Mikha, sampun dados limrah katindakaken dening tiyang Yehuda pados bandha-kasugihan kanthi cara ingkang boten prayogi. Kagambaraken bilih tiyang-tiyang ingkang nggadhahi panguwaos sami migunakaken panguwaosipun kangge nundhung tiyang saking griya lan tanah-pusakanipun piyambak lajeng dipun darbeki. Tiyang-tiyang punika saged sami tumindak mekaten awit samidene srakah; ingkang dipun penggalih namung ngrancang kadospundi anggenipun saged nggadhahi barang darbekipun tiyang sanes kanthi maneka warna cara.

Materialisme punika asalipun saking wewatekan srakah. Awit srakah mila piyambakipun boten nate ngraosaken marem sinaosa binerkahan dening Gusti Allah nggadhahi barang-darbe ingkang kathah. Nalika ningali wonten sesaminipun ingkang nggadhahi barang-darbe, piyambakipun meri lan gadhah krenteg supados barang-darbe punika dados gadhahipun. Tiyang ingkang srakah purun nindakaken punapa kemawon kangge nggayuh punapa ingkang dados pepinginanipun. Ananging Gusti Allah boten badhe mendel kemawon. Nabi Mikha meca bilih Gusti Allah sampun ngrancang ndhatengaken bilai tumrap tiyang-tiyang ingkang sami nindhes sesaminipun. Menawi sampun dumugi titi-wancinipun Gusti Allah badhe damel tiyang-tiyang punika badhe ketaman bab ingkang nggegirisi lan kecalan sadaya ingkang sampun dados barang-darbekipun.

Tumindak srakah ndhatengaken paukumanipun Gusti Allah. Pancen barang-darbe tiyang sanes punika katawis langkung sae lan ngremenaken. Nanging ingkang sapisan sumangga caos sokur dhateng Gusti Allah ingkang boten kendhat anggenipun ngluberaken berkah dhateng kita. Inggang kaping kalih sumangga barang-darbenipun tiyang sanes sampun ngantos cekap damel meri, nanging kadadosaken daya anggen kita sangsaya tegen anggenipun mbudidaya lan nyambut damel selaras kaliyan karsanipun Gusti Allah. |*AW

Mratobat

*“Nanging sapunika, dhuh Yehuwah, Paduka punika Rama kawula sadaya!
Kawula sadaya punika lempung dene Paduka ingkang mangun kawula,
sarta kawula sadaya punika yasaning asta Paduka”.*
(Yesaya 64:8)

Mratobat ateges mbalik saking tumindakipun ingkang lepat lajeng salin tumuju dhateng tumindak ingkang mbangun-turut dhumateng Gusti Allah. Dene ingkang dados dhadhakan punika mawerni-werni. Wonten tiyang ingkang mratobat awit rumaos nampi bebendunipun Gusti Allah lan wonten ugi ingkang mratobat awit rumaos pikantuk pitulunganipun Gusti Allah.

Pangadhuhipun bangsa Israel ingkang sami ngrumaosi lan ngakeni kalepatan ing tanah pambuwangan mratandhani pamratobatipun. Inggang kaanggep kamursidan pranyata namung pakulinan ingkang boten suci. Mila bangsa Israel kecalan sesambetan ingkang raket kaliyan Gusti Allah awit bangsa Israel dados najis. Kanajisan punika boten saged dipun resiki lumantar gesang mursid. Kagambaraken bilih tumindakipun punika ndadosaken gesanipun kadosdene ron ingkang alum kasirnakaken dening angin. Pengaken punika ingkang nuwuhaken krenteg supados sesambetanipun kaliyan Gusti Allah saged kapulihaken.

Boten wonten prekawis ingkang ngegirisi ing gesang punika katimbang kecalan sesambetan ingkang rumaket kaliyan Gusti Allah. Tumraping tiyang pitados, anggadhahi sesambetan ingkang sae kaliyan Gusti Allah ndhatengaken katentreman ingkang boten saged dipun gantos kaliyan punapa kemawon. Mila punika, kita kedah anjagi supados boten anggadhahi lampah gesang, osiking manah lan pratingkah ingkang boten selaras kaliyan kersanipun Gusti Allah. Minangka umat tebusanipun Gusti Allah, kita tansah katimbangan nelangsani panerak ingkang sampun katindakaken minangka bukti bilih kita punika umat kagunganipun Gusti Allah. Gusti Allah tresna dhateng kita, mila Panjenenganipun temtu badhe paring pangapunten lan mulihaken saben kagunganipun ingkang purun nelangsani panerakipun lan mratobat. Sumangga sami mratobat mumpung taksih wonten wekdal awit boten wonten ingkang mangertos benjang punapa wekdalipun Putraning Manungsa rawuh ingkang kaping kalih dhateng jagad punika. |*AW

Kuwat Ngadeg

“Padha tansah jumagaa lan ndedongaa, supaya kowe diparingana kakuwatan kang njalari kowe padha ora bakal katempuh dening apa kang bakal kelakon iku lan supaya kowe padha bisa tahan anggonmu ana ing ngarsane Putraning Manungsa” (Lukas 21:36)

Dintenipun Gusti Yesus rawuh punika kadosdene kalajiret tumrapping para pandherekipun ingkang sami boten jumaga. Gusti Yesus sampun paring piweling dhumateng kita supados njagi gesang kanthi nebihi pistha gedhen ingkang damel mendem sarta waspada ngadhepi kasusahaning gesang. Awit menawi boten jumaga kita boten badhe tahan ngadeg wonten ing ngarsanipun Gusti Yesus ingkang badhe ngadili kita.

Mila kita kedah tansah jumaga lan siyap awit sawanci-wanci Gusti Yesus saged rawuh. Caranipun kados pundi? Sacara ajeg kita kedah mbangun sesambetan ingkang rumaket kaliyan Gusti Allah lumantar pandonga lan panggegilut dhateng dhawhipun Gusti Allah ingkang kaserat wonten Kitab Suci. Ancasipun, supados kita saged tahan ngadeg adhedhasar kapitadosan dhateng Gusti Allah sanadyan ing satengahing pangodha lan kasusahaning gesang. Langkung saking punika ugi supados kita tahan ngadeg wonten ing ngarsanipun Gusti Allah minangka tiyang ingkang sami nampeni kawilujengan.

Iba begjanipun kita awit taksih piningan wekdal kangge mirengaken pangandikanipun Gusti Allah lan wekdal kangge nganyaraken gesang kita kanthi nebihi pistha gedhen lan kamendeman punapa dene bab pepinginan kadonyan. Sumangga sami njagi pratingkah kita supados luwar saking bebendunipun Gusti Allah lan gesang kita tansah konjuk kagem kaluhuraning asmanipun.

Gusti Yesus nimbali kita supados sami tetep setya ngantos dumugi ing wekasaning jaman saengga tahan ngadeg wonten ing ngarsanipun nalika Panjenenganipun rawuh ingkang kaping kalih. Sampun ngantos gesang kita kasoran dening panggodha. Sumangga kita tansah mbangun-turut dhumateng Gusti Allah supados kita boten badhe lingsem nalika pepanggihan kaliyan Panjenenganipun awit gesang karohanen kita seger, kiyat lan tansah jumaga. |*AW